



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DIREKTIV POU SEMÈS PRENTAN AN TE PIBLIYE  
POU KANPIS SUNY AK CUNY RE-OUVRI SAN DANJE**

***Egzije dòz siplemantè vaksen COVID-19 la ak pre-tès obligatwa pou tout etidyan  
ki konte antre sou kanpis la regilyèman***

***Plan tès kontinyèl yo obligatwa pou tout kanpis yo***

***Vaksinasyon pou tout pwofesè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon direktiv sou re-ouvèti pou semès prentan an pou kanpis SUNY ak CUNY yo ki gen ladan kontinyasyon manda vaksen pou etidyan ansanm ak egzije tout etidyan ki regilyèman antre sou kanpis la pou resevwa dòz siplemantè COVID-19 pou semès prentan an. Egzijans siplemantè pou etidyan yo gen ladan tou pre-tès obligatwa anvan retou yo nan semès la, ki pral aplike pou tout etidyan yo ki konte antre sou kanpis regilyèman. Chak kanpis pral elabore ak kominike plan tès kontinyèl pou siveye ka pozitif yo pandan semès la. Kanpis yo pral kontinye ranfòse itilizasyon mask inivèsèl nan espas fèmèn kèlkeswa estati vaksinasyon ak distans sosyal pou nenpòt moun ki pa vaksinen sou kanpis -- pandan Eta New York ap kontinye ede kominote yo reponn ak ogmantasyon ka COVID yo.

"Nou dwe asire etidyan yo nan New York kapab rete nan lekòl ak aprann an pèsòn pandan semès prentan an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Etidyan yo mertie gen yon eksperyans nan inivèsite an pèsòn ki sekirite ak bon kalite epi avèk nouvo mezi sa yo, etidyan yo pral kapab rete sou kanpis ak nan klas yo. SUNY ak CUNY te deja fè yon travay ekstraòdinè nan konbat pandemi an, avèk pousantaj COVID-19 yo ki bokou pi ba pase popilasyon jeneral la, epi li lè pou nou pase nan pwochen etap la pou kenbe tout moun an sekriite".

Etidyan yo ki regilyèman sou kanpis ki elijib pou resevwa yon dòz siplemantè vaksen COVID-19 la kounye a gen obligasyon pou resevwa youn nan semès prentan 2022 a. Kanpis yo dwe elabore yon plan ak yon delè pou etidyan yo bay prèv vaksinasyon dòz siplemantè.

Kanpis SUNY ak CUNY dwe aplike tou oswa kontinye fè aplike si yo te kòmanse fè sa, yon pwogram tès kontinyèl pandan semès la. Kanpis yo pral elabore yo metodoloji echantyon aleyatwa ki pral kominike ak etidyan yo. Kanpis yo ka aplike tou yon

pwosesis egzansyon pou sila yo ki te resevwa yon dòz siplemantè. Tout pwofesè yo pral gen obligasyon pou vaksinen pou COVID-19.

SUNY pral kontinye rapòte rezilta an tan reyèl nan Trakè Ka COVID-19 ki disponib [isit la](#). Depi kòmansman semès Otòn 2020 an, lè elèv yo te kòmanse tounen nan klas an pèsòn, SUNY te administre apeprè twa milyon tès sou kanpis avèk yon pousantaj pozitivite mwayen ki anviwon 0.45 pousan, ki vreman pi ba pase pousantaj nan tout eta ak nan kominote alantou yo.

CUNY pral kontinye rapòte rezilta chak semèn sou Trakè Sekriite COVID-19 li a ki disponib [isit la](#). Depi 25 out, CUNY te administre prèske 95,000 tès pou moun ki pa vaksinen, avèk yon pousantaj pozitivite mwayen ki se 0.50 pousan.

###

Lèt nouvèl disponib sou [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418